

## PWOSEDI POU PLENT MINISIPAL

Pwosedì pou Plent sa a deziyen pou satisfè kondisyon *Americans with Disabilities Act* (Lwa An Favè Sitwayen Ameriken ki Andikape). Nenpòt moun kapab itilize li pou pote plent kont diskriminasyon nan (non òganizasyon an) sou baz enfimite nan pratik ak règleman travay oswa sou baz prestasyon sèvis, aktivite, pwogram oswa avantaj.

Plent lan ta dwe prezante alekri epitou li ta dwe gen enfòmasyon sou prezime diskriminasyon an tankou non, nimewo telefòn pleyan an, epitou pozisyon, dat ak deskripsyon pwoblèm nan. Y ap mete adispozisyon lòt mwayen pou pote plent tankou antrevi pèsònèl oswa yon anrejistreman plent lan sou kasèt pou moun ki enfim depi yo fè demann pou sa.

Pleyan an ak/oswa yon moun li deziyen ta dwe soumèt plent lan san pèdi tan men pa pita pase 60 jou kalandè apre prezime vyolasyon an ba:

Non Kouwòdonatè ADA  
Nimewo Telefòn  
TTY (Nimewo telefòn pou moun ki gen pwoblèm pou tande)  
Adès  
\_\_\_\_\_

Nan 15 jou kalandè apre Kouwòdonatè ADA a \_\_\_\_\_ fin resevwa plent lan, l ap rankontre avèk pleyan an pou li diskite sou plent lan ak solisyon ki posib yo. Nan 15 jou kalandè apre rankont lan, \_\_\_\_\_ ap reponn alekri, epitou, si se apwopriye, nan yon fòm ki klè pou pleyan an, tankou gwo karaktè, Bray oswa kasèt odyo. Repons lan ap eksplike pozisyon non òganizasyon an epi l ap ofri chwa pou solisyon pozitif plent lan.

Si repons \_\_\_\_\_ bay pa rezoud pwoblèm nan avèk satisfaksyon, peyan ak/oswa yon moun li deziyen kapab fè apèl kont desizyon kouwòdonatè ADA nan 15 jou kalandè ki vini apre dat konsèy administrasyon an reprezantan li fin resevwa repons lan.

Nan 15 jou kalandè apre dat resepsyon apèl la, konsèy administrasyon an oswa reprezantan li ap rankontre avèk pleyan an pou diskite sou plent lan ak solisyon ki posib yo. Nan 15 jou kalandè apre rankont lan, konsèy administrasyon an oswa reprezantan li ap reponn alekri, epi, si se apwopriye, nan yon fòm ki fasil pou pleyan an avèk yon solisyon final plent lan.

(Non òganizasyon an) \_\_\_\_\_ ap konsève pandan twa (3) ane tout plent alekri, tout demann annapèl konsèy administrasyon an oswa reprezantan li resevwa, ak repons Kouwòdonatè ADA oswa reprezantan li bay.